



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU LEGALIZE PARYAJ SPÒTIF ANLIY NAN KAD DISKOU SOU SITIYASYON ETA A AN 2021

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lejislasyon pou otorize paryaj spòtif mobil nan kad diskou sou sitiasyon eta a an 2021. Dapre pwopozisyon Gouvènè Cuomo a, Komisyon Jwèt Eta New York la (New York State Gaming Commission) ap soti yon apèl dòf pou chwazi epi bay yon operatè oswa platfòm spòtif pou ofri paryaj spòtif mobil nan New York. Operatè oswa platfòm sa dwe genyen yon patenarya ak youn nan kazino komèsyal ki otorize ki egziste yo. Komisyon an ap egzijè tou pou tout antite k ap eksplwate aplikasyon paryaj mobil yo genyen garanti kont abi ak adiksyon.

"Nan yon moman kote New York ap fè fas ak yon defisi bidjetè istorik akòz pandemi COVID-19 la, estrikti paryaj spòtif anliy aktyèl la ka ensite yon gwo segman nan rezidan New York yo vwayaje deyò eta a pou fè paryaj spòtif anliy oswa kontinye patwosine mache nwa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York genyen potansyèl pou l pi gwo mache paryaj spòtif nan Etazini, e lè li legalize paryaj spò anliy nan, nou vize kenbe plizyè milyon dola revni isit lakay nou, k ap sèlman ranfòse kapasite nou pou rekonstui apre kriz COVID-19 la."

Mache jwèt spòtif la ap evolye rapidman. An 2018, Kou Siprèm Ameriken an (U.S. Supreme Court) nan Murphy v. NCAA te ranvèse lwa ki entèdi pifò eta yo pou pa otorize paryaj spòtif. Kounye a, paryaj spòtif anliy legal nan 14 eta, ki enkli eta fwontalye New Jersey ak Pennsylvania, alòske li legal nan New York sèlman nan kat etablisman jwèt komèsyal nan Nò Eta a ak etablisman jwèt Native American yo. Yon etid sou sektè a te jwenn ke apeprè 20 pousan revni paryaj spòtif New Jersey yo soti nan rezidan New York, ki koute Eta a plizyè milyon dola nan pèt revni enpo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)